



**Yon Gid pou elèv k ap aprann nan
plizyè lang (Multilingual Learner, MLL)
ak fanmi imigran nan
*Lekòl Leta Vil Nouyòk***







Kontni

Kontni.....	3
Kisa gid sa a ye?	5
Ki dwa pitit mwen an kòm yon elèv imigran?.....	6
Kòman ak ki kote mwen ka enskri pitit mwen an lekòl?.....	7
Ak kiyès mwen pral pale nan lekòl la?	8
Kòman mwen ka defann pitit mwen nan lekòl?	9
Pwogram pou elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learner, ELL)	10
Avantaj lè w pale de lang	11
Esi lekòl mwen an pa ofri pwogram bileng?	12
Pitit mwen an gen bezwen espesyal ak/oswa yon andikap. Kisa mwen ta dwe fè?	12
Kisa pou m fè si m gen plis kesyon ?	12
Ki kèk nan opsyon apre lekòl segondè pitit mwen an genyen?	13
Kontak	15
Sipleman Kòd QR & URLs	16



Kisa gid sa a ye?

Gid sa ap ede w konprann sistèm lekòl NYC a. Kòmanse avèk pwosesis enskripsyon, ou ka itilize gid sa pou w konprann dwa w kòm yon paran lekòl leta NYC; pwogram lang ak sèvis ki disponib nan lekòl yo pou alafwa sipòte aprantisaj pitit ou a ak angajman w nan edikasyon l; kèk opsyon pou pitit ou a apre lekòl segondè; ki kote pou fè konnen enkyetid ou; ak resous ki disponib pou fasilite tranzisyon w nan vil Nouyòk.

Chè fanmi,

Byenvni nan kominote lekòl leta Vil Nouyòk! Vil nou an se yon bèl melanj kilti, lang, ak tradisyon ki soti toupatou nan mond lan. Nan lekòl nou yo, nou selebre divèsite sa a epi n fè efò pou kreye yon anviwonman kote chak elèv santi yo gen valè ak afime yo nan ras yo, langaj ak sitiyasyon imigrasyon yo. Nou kwè chak kilti ajoute yon fil inik nan tapi kominote nou an, epi nou ankouraje tout elèv yo anbrase ak pataje eritaj yo.

Kòm paran ak responsab, wòl ou nan edikasyon pitit ou a enpòtan anpil. Nou ankouraje w kontinye anbrase kilti w lakay ou epi pataje l ak pitit ou. Eleman kiltirèl sa yo, kit yo se lang, manje, mizik, arts, oswa tradisyon, ka anrichi anpil eksperyans aprantisaj timoun yo epi ede yo apresye rasin yo.

Nan lekòl nou yo, pitit ou yo pral aprann ansanm ak kamarad ki soti nan divès orijin, y ap jwenn yon konpreyansyon valab sou divèsite mond lan. Nou espere kolabore avèk ou nan pakou edikasyon sa a, ofri yon eksperyans aprantisaj rich, divès, ak enklizif ki prepare yo pou yon demen miyò.

Ki dwa pitit mwen an kòm yon elèv imigran?

- Nan Vil Nouyòk, tout timoun, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, gen dwa pou yo resevwa edikasyon nan lekòl leta. Manm estaf DOE yo p ap ni mande enfòmasyon sou estati imigrasyon w, ni mande prèv sitwayènte, epi si yo vin konnen sityasyon imigrasyon yon moun, yo oblije kenbe l konfidansyèl.
- Yo entèdi lekòl ak distri yo bay okenn moun enfòmasyon sou elèv ak fanmi yo, ki gen ladan ajan Imigrasyon, sof si lalwa egzije sa oswa avèk konsantman paran yo.
- Pou ede w jwenn nfòmasyon ki òtan, lekòl yo ofri sèvis tradiksyon gratis nan plizyè lang. Ou ka mande sèvis èd pou lang nan lekòl pitit ou a nan nenpòt moman. Mande kowòdonatè paran an, dirèktè lekòl la, oswa ranpli [Fòm pou mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon](#) an.
- Si w vle konnen plis sou dwa w kòm paran elèv k ap aprann lang anglè/ moun k ap aprann nan plizyè lang, tanpri ale sou sitwèb DOE a epi chèche "[Bill of Rights](#)."



Kòman ak ki kote mwen ka enskri pitit mwen an lekòl?

Èske w ap mande: ki kote pou m kòmanse? Kòman mwen ka enskri pitit mwen an nan lekòl leta NYC yo?

Premye etap la pou enskri pitit ou a se vizite yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) bò lakay ou.

Sonje, ou pa gen pou bay estati imigrasyon w ni montre idantite w.

Manm estaf la nan FWC an ap di w ki dokiman w bezwen pou enskripsyon an. Nan pifò ka, y ap mande w pou:

- **prèv laj pitit ou a,**
- **dosye vaksinasyon** (si li disponib),
- **dènnye kanè,** (si li disponib), ak
- **nenpòt de dokiman pou pwouve adrès ou.**



Si w ap viv nan lojman tanporè, tranpri ale nan [Sant byenveni pou fanmi](#) ou chwazi a. Manm estaf ki la ap kapab ede w.



Ak kiyès mwen pral pale nan lekòl la?

Kòm yon nouvo fanmi imigran, sistèm lekòl la ka difisil pou konprann. Tanpri asire w tout moun ki nan lekòl la yo la pou ede w. Gen plizyè tip moun ou pral kominike avèk yo regilyèman. Yo se direktè oswa asistan direktè, kowòdonatè paran, ak ajan sekirite nan lekòl la.

Chak nan yo gen wòl diferan nan lekòl la.

Yon **direktè/asistan direktè** se yon moun ki sipèvize fonksyonman lekòl la, tankou jesyon manm estaf, nòm akademik ak konpòtman elèv. Direktè a responsab pifò bagay ki nan bilding lekòl la.

Yon **pwofesè** se yon moun ki fè kou nan salklas, anseye tout matyè lekòl primè ak matyè espesifik lekòl presegondè ak segondè.

Yon **ajan sekirite nan lekòl** fè pati NYPD epi li asire sekirite lekòl la, jere ijans, rapòte ensidan grav bay administrasyon lekòl la ak divizyon sekirite nan lekòl la, fè fòmasyon sou sekirite ak ankouraje yon anviwònman aprantisaj ki agreyab.

Yon **kowòdonatè paran** ede paran ak lòt manm fanmi konprann epi patisipe nan aktivite lekòl la, rezoud pwoblèm ant paran ak lekòl, ak asire yo tandè vwa paran yo pou reyisit pitit yo.

Yon **konseye pedagojik** ede elèv idantifye ak pwograme klas ki enpòtan yo, kreye yon plan endividyèl pou kolèj ak karyè, sipòte yo lè ya p ranpli aplikasyon pou kolèj ak travay, epi ede yo rete sou wout pou yo gradye.



Kòman mwen ka defann pitit mwen nan lekòl?

Paran tankou w se pi bon defansè timoun lan! Kòm paran, tou, yon elèv imigran, ou genyen yon opòtinite inik pou w vin yon vwa pwisan sou tab negosyasyon an, defann bezwen Elèv k ap aprann lang anglè ak gwoup imigran yo anjeneral. Gen plizyè fason ou ka patisipe nan kominote lekòl la. Ou pa bezwen rantre nan yon ekip pou patisipe nan edikasyon pitit ou a, men si w chwazi pou w vin yon manm aktif nan yon ekip, men **two gwoup lekòl** paran ap dirije pi ba a. Tout reyinyon yo respekte lwa sou reyinyon piblik la, ki vle di tout moun ka patisipe nan reyinyon an.

Nivo Lekòl	Nivo distri	Nivo santral
PTA (Asosyasyon Pwofesè Paran) se yon gwoup paran volontè timoun nan yon lekòl zòn lan kote yo rankontre chak mwa pou chita pale sou enkyetid ak nivo sipò pou kominote lekòl la. Tout moun ka patisipe nan reyinyon an, men se sèlman manm konsèy la chwazi pou dirije pandan reyinyon yo.	Konsèy Prezidan an se yon gwoup paran yon sipèntandan yo nome ap sipòte. Manm ki ka vote yo se prezidan Asosyasyon Paran oswa Asosyasyon Paran-Profesè nan yon distri espesifik.	Konsèy Vil la gen ladan paran, elèv ak reprezantan fonksyonè leta. Se paran ki dirije reyinyon chak mwa yo pou chita pale sou enkyetid yo, bay opòtinite aprantisaj, ak biznis ofisyèl yo. Si w enterese reprezante lòt paran elèv k ap aprann lang anglè tankou oumenm, tanpri konsidere antre nan CCELL .
SLT (Ekip Lidèchip Lekòl) gen ladan yon kantite egal paran ak manm estaf lekòl la ki reyini ansanm regilyèman pou chita pale sou enfòmasyon lekòl, kourikoulòm, opòtinite aprelekòl ak pwogram akademik. Paran ak manm estaf yo dwe vote nan ekip la.	Konsèy Lidèchip Distri a se yon gwoup divès moun ki gen enterè nan domèn lan, ladan paran, ki bay opinyon ak fè rekòmandasyon sou règleman ak inisyativ distri a.	
Konferans Pwofesè-Paran se yon reyinyon ant paran ak pwofesè pou chita pale sou pwogrè akademik ak sosyo-emosyonèl elèv.	Konsèy Edikasyon Kominotè se enstans konsiltatif sou politik edikasyon ki responsab pou, pami lòt bagay, revize ak evalye pwogram akademik distri yo a, apwouve liy zonaj, ak fè odyans piblik sou kèk pwoblèm. Gade paj Wòl ak Responsablite pou jwenn yon deskripsyon konplè sou travay manm yo.	

Pwogram pou elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learner, ELL)

Lekòl leta vil Nouyòk yo ofri fanmi elèv k ap aprann lang anglè twa pwogram ki ede pitit yo aprann anglè. Pwogram sa yo ranfòse devlopman lang lakay elèv yo ak konesans kontni a pandan y ap devlope ladrès sosyal ak akademik an anglè.

- **Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New language, ENL):** Tout ELL resevwa ansèyman pou lang anglè kòm yon nouvo lang (English as a New Language, ENL). Y ap montre pitit ou a li, ekri ak pale ann anglè avèk sipò nan lang natifnatal pitit ou a.
- **Edikasyon bileng an de lang (Dual Language Bilingual Education, DLBE):** Objektif pwogram sa a se pou pitit ou a kapab li, ekri ak pale nan toude lang yo. Lè pitit ou a pa yon elèv k ap aprann lang anglè (ELL) ankò, l ap rete nan pwogram lan pou l kontinye aprann ak amelyore toude lang yo.
- **Edikasyon bileng pou tranzisyon (Transition Bilingual Education, TBE)** Nan pwogram sa yo, pandan pitit ou a ap amelyore nan anglè, l ap pase plis tan ap aprann ann anglè epi pase mwens tan ap aprann nan lang natifnatal li. Lè pitit ou a pa yon elèv ELL ankò, l ap kite pwogram lan.


	PWOGAM AN DE LANG	TRANZISYON BILENG	ANGLÈ KÒM YON NOUVO LANG
Objektif pou pwogram lan	Itilizasyon toude lang yo pou ankouraje bilengwis/ bi-literacy	Itilizasyon lang natifnatal pou sipò konpetans nan lang anglè	Itilizasyon lang natifnatal tankou yon echafo pou sipòte ansèyman anglè
Enstriksyon nan lang natifnatal ou	✓	✓	✓
Kamarad klas ki pale menm lang natifnatal yo	✓	✓	
Menm pousantaj enstriksyon nan tou de lang yo	✓		

Avantaj lè w pale de lang

Rechèch montre lè w pale plis pase yon lang reyèlman bon pou timoun. Kapab pale diferan lang ka ede moun nan tout laj. Pou timoun yo, li ka ede yo travay pi byen lekòl. Lè yo grandi, sa ka ede yo jwenn pi bon travay. Lè yo vin pi gran tou, sa ka ede yo kenbe lespri yo anplèn fòm epi sa ka menm pwoteje yo kont yon maladi nan sèvo ki rele Alzheimer's.



Lè w chwazi youn nan pwogram bileng yo (Edikasyon Bileng oswa Edikasyon Bileng pou Tranzisyon), pitit ou a pi prepare pou jwenn yon **andòsman bileng (Seal of Biliteracy)**. Seal of Biliteracy Eta Nouyòk (New York State Seal of Biliteracy, NYSSB) se yon rekonpans yo bay elèv ki gradye nan lekòl segondè ki demontre konpetans nan lang anglè ak omwen nan yon lòt lang. NYSSB ankouraje etid lang, afime divèsite, epi bay inivèsite ak manm estaf enfòmasyon anplis sou konpetans lang yon elèv genyen. Elèv ki elijib yo resevwa yon so ofisyèl sou diplòm yo, yon meday ak yon sètifika nan men Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department, NYSED). NYSSB benefisye elèv yo lè li rekonèt enpòtans bilengwis, lè li mete aksan sou reyalyasyon yo, ak lè li bay yon deklarasyon sou reyalyasyon pou opòtinite alavni.



Esi lekòl mwen an pa ofri pwogram bileng?



Si lekòl ou a pa ofri pwogram bileng kounye a, chèche ki pwogram bileng ki disponib nan lekòl ki bò lakay ou. Ou ka mande yon transfè si yo pa ofri pwogram ou prefere a nan lekòl ou ye kounye a, epi lekòl la ka ede gide ak sipòte pwosesis transfè a. Genyen tou diferan tip lekòl ki satisfè bezwen elèv ki pale plizyè lang ak nouvo imigran, tankou lekòl ki nan rezo entènasyonal la.

Sepandan, tanpri sonje kèlkeswa tip lekòl li ye, ou ka toujou mande pou yo mete l nan yon pwogram bileng.

Pitit mwen an gen bezwen espesyal ak/oswa yon andikap. Kisa mwen ta dwe fè?



Si pitit ou a gen yon plan edikasyon endividyèl (individualized education plan, IEP), yo bay priorite pou plas nan yon pwogram edikasyon espesyal bileng (BSE) nan distri 1–32 yo pou elèv la. Ou ka kontakte BSEprograms@schools.nyc.gov pou mande plas nan pwogram BSE.



Kisa pou m fè si m gen plis kesyon?

Si w gen enkyetid oswa kesyon konsènan pwosesis la swa pou w enskri nan yon pwogram bileng oswa pou patisipe nan youn nan gwoup paran yo, tanpri kontakte kowòdonatè paran yo, asistan direktè a, ak/oswa direktè lekòl ou a.

Ou ka kontakte tou kowòdonatè sipò pou fanmi, sipèentandan, ak biwo Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Family and Community Empowerment, FACE).

Ki kèk nan opsyon apre lekòl segondè pitit mwen an genyen?

Opsyon apre lekòl segondè yo se opòtinite elèv yo idantifye lè y ap gradye nan lekòl segondè, tankou antre nan kolèj, machetravay la, yon pwogram pwofesyonèl, ak lame. Sa gen ladann aksè nan kolèj dezan ak katran oswa inivèsite, lekòl pwofesyonèl, ak antre nan machetravay la. Tout elèv, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, kapab chèche opsyon apre lekòl segondè.

Nan Eta New York, elèv ki pa gen papye kapab jwenn aksè nan kolèj nan pri moun ki abite nan eta a ak asistans finansye leta pou inivèsite dezan ak katran. Pi ba a gen resous enpòtan pou jwenn sipò nan opòtinite apre lekòl segondè pou elèv ki pa gen papye ak fanmi ki gen estati miks, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.

Estrikti pou preparasyon apre lekòl segondè

Eksplore	se fasilite konvèsasyon ak aktivite ki pèmèt elèv konnen plis sou idantite rasyal, kiltirèl ak lengwistik yo, konprann dwa yo, ak sa ki enterese yo/sa yo pa renmen.
Prepare	se asire elèv gen sa yo bezwen pou yon eksperyans lekòl segondè ki gen sans ak satisfèzan, kreye yon plan pou konekte kote yo ye jodi a ak kote yo vle ye demen, epi gen opòtinite pou angaje yo nan kolèj ak nan kou preparasyon ak eksperyans pou karyè.
Aplike	se pran etap obligatwa pou admisyon nan kolèj, nan yon pwogram, oswa akseptasyon nan yon travay. Ou ka santi sa se peryòd ki pi enpòtan nan lavi yon elèv nan lekòl segondè, men avèk preparasyon ak sipò sifizan, elèv yo ka fè tranzisyon avèk siksè nan pakou yo chwazi apre lekòl segondè yo.

Resous apre lekòl segondè

Resous	Kategori	Deskripsyon
NYS Higher Education Services	Pri ak èd finansye pou kolèj kòm moun ki abite nan eta a	Tout elèv, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, ka ale nan yon inivèsite 2 ane oswa 4 ane. New York State Dream Act bay èd finansye eta a pou elèv imigran ki gen plizyè tip kondisyon imigrasyon ki te ale nan yon lekòl segondè Eta Nouyòk pou omwen 2 ane epi ki satisfè lòt kondisyon.
Ekonomize pou kolèj	Yon pwogram bousdetid ak ekonomi pou timoun ki pi piti yo nan Vil Nouyòk. Gratis kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon.	Pwogram Save for College se yon pwogram bousdetid ak kont epay ki fèt pou rann fòmasyon kolèj ak karyè pi aksesib ak posib pou tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk, depi kindergarten—kèlkeswa revni oswa sityasyon imigrasyon fanmi yo.
Imigran ki gen enfòmasyon	Opsyon pou elèv lekòl segondè san papyè	Kèlkeswa kondisyon imigrasyon elèv ki pa gen papyè nan lekòl leta NYC, yo gen opsyon apre yo fin gradye nan lekòl segondè. Ou ka chwazi pou aplike pou kolèj oswa inivèsite, ale nan lekòl pwofesyonèl ak teknik, oswa antre nan machetravay la dirèkteman.
Lis bagay pou fè pou Road to College	Lis bagay pou fè pou Road to College	Yon lis yo kreye pou elèv ki pa gen papyè nan New York pou antisipe ak ranpli etap yo rekòmande nan pakou kolèj yo ak lòt ankò. Elèv ka jwenn aksè nan resous ak lyen pou reponn kesyon.
Idantifikasyon kolèj ki akeyan pou imigran	Jwenn kolèj	Yon sèl paj dekri kèk fason pou chèche konnen ki kolèj ki akeyan pou imigran
Biwo pwogram pou elèv san papyè ak imigran CUNY	Inivèsite Vil Nouyòk (The City University of New York, CUNY) sipòte moun san papyè legal ak elèv imigran.	Kounye a CUNY gen kat sant pou siksè elèv imigran. Sant sa yo gen manm estaf byen dedye ak enfòm ki konprann tout nyans ki gen rapò avèk eksperyans elèv imigran epi ki pa gen papyè legal. Sant yo ofri sipò finansye, legal, sante mantal ak sosyal nan lide pou defann ak bay imigran kapasite nan tout dimansyon. Nap travay pou nou ouvri plis sant atravè CUNY nan lide pou nou bay aksè ak resous ekita pou tout elèv kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

Resous Vil Nouyòk

Vil Nouyòk ofri yon pakèt resous ki ka itil fanmi ak elèv imigran. Resous sa yo bay sipò konplè ak opòtinite ki pèmèt ou reyisi nan pakou edikasyon ak entegrasyon sosyal ou. Men kèk egzanp resous.

Deskripsyon resous yo
Biwo Majistra a pou Afè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) se yon ajans vil la ki travay avèk imigran. Se yon bon jan resous pou kòmanse.
Si w ta janm bezwen yon kote pou rete ak/oswa manje pou nourri fanmi w, ou ka jwenn shelters ak bank manje nan vil la.
Gen tou anpil Òganizasyon kominotè (Community Based Organizations, CBO) ki ka ede w avèk diferan bagay. Paegzanp, si w bezwen yon bagay presi pou kominote nwa yo, òganizasyon African Communities Together (ACT) ka ede w jwenn sèvis legal pou imigran, asistans pou ti biznis, fòmasyon pou jwenn travay, ak rekòmandasyon pou sèvis sosyal anjeneral.
Plan sante bon mache pou fanmi imigran ki gen ladan Medicaid (imigran san papye yo ka aplike pou pwoblèm sante ijans sèlman) ak Child Health Plus yo disponib atravè Office of Citywide Health Insurance Access (OCHIA) .

Kontak

Si w gen enkyetid oswa kesyon konsènan pwosesis la swa pou w enskri nan yon pwogram bileng oswa pou patisipe nan youn nan gwoup paran yo, tanpri kontakte kowòdonatè paran yo, asistan direktè a, ak/oswa direktè lekòl ou a. Ou ka kontakte tou kowòdonatè sipò pou fanmi, ak sipèentandan distri w la. Oswa voye yon imèl nan Biwo elèv k ap aprann nan plizyè lang nan multilinguallearners@schools.nyc.gov.

Sipleman URL

Paj 6	Lwa sou dwa (Bill of Rights)  bit.ly/RightsELLS	Page 6	Sant Byenveni pou Fanmi  http://tinyurl.com/3avjw5cy
Page 9	CCELL  ccell.org	Paj 14	Biwo pwogram pou elèv san paye ak imigran CUNY  bit.ly/cunyndoc
Paj 14	Ekonomize pou kolèj  bit.ly/saveforcollege	Paj 14	Idantifye kolèj ki akeyan pou imigran  http://tinyurl.com/3djh7f22
Page 14	Sèvis edikasyon siperyè NYS  http://tinyurl.com/4fbhwasr	Paj 14	Lis bagay pou fè pou Road to College  bit.ly/3NSGfHe

Sipleman URL

Page 14 Imigran ki enfòmè  tinyurl.com/mrxca3yp	Page 15 Òganizasyon Kominotè  sed CB0) bit.ly/OMLCBOs
Paj 15 Biwo asirans sante Vil la  on.nyc.gov/46B9it0	Page 15 Lis shelter NY  bit.ly/3JHim5G
Page 15 Depo manje NYC  bit.ly/3JHim5G	

